# ЗАМАНАГӨЙ КАДРЛАР ТАЯРЛАЎ ЖОЛЫНДА

**Имаратлар ҳәм сооружениелер кафедрасы ассистенти М.Ешмуратов.**

“Биз өмиримиздиң түрли салаларында, халық хожалығының барлық тараўларында түптен өзгерислерди әмелге асырып, жаңаланыў жолынан барар екеңбиз, бул өзгерислердиң жақсы тәрепке бағдарланыўы, руўхый жоқарылаўмызға көмек бериўи ҳәм де миллий мақтанышымыздың ҳәр тәреплеме жетик кадрларға байланыслы екеңлигин умытпаўымыз керек. Республикамыздың экономикалық, сиясий ҳәм руўхый тәрептен ҳәр тәреплеме раўажланыўында, бул тараўлардағы машқалаларды шешиўимизде миллий кадрлар баслы мәселелерден бири болады” – деп атап өткең еди Президентимиз өзиниң “Заманагөй кадрлар таярлаў – реформалар нәтийжесиниң тийкары” атамасындағы баянатында.

Қарақалпақ Мәмлекетлик университети қурамында шөлкемлестирилген, дәслепки уақытта Ташкент архитектура-қурылыс институты Нөкис филиалы болып ҳәрекет етип келген Техника факультети архиректура-қурылыс тараўы бойынша заманагөй кадрлар таярлап келмекте.

Факультетте «Кадрлар таярлаўдың миллий бағдарламасы»ның талапларына сәйкес алдыңғы педагогикалық технологияларды енгизиў, илим-изертлеў, тәлим-тәрбия жумысларын жолға қойыў, студентлердиң Миллий ғәрезсизлик идеясы тийкарында тәрбиялаў бағдарында жумыслар алып барылмақта.

Архитектура ҳәм қурылыс– адамзат санасы менен дөретилиўши ҳәм инсанияттың материаллық тутыныў, сондай-ақ эстетикалық талапларын қанаатландырыўға хызмет етиўши турақ-жай, жәмийетлик ҳәм санаат имаратлары менен инженерлик иншаатлары ҳәм де қала қурылысы халықты абаданластырыўдың шешими болып табылады.

Әйиемги дәўирлерден Архитектура жәмийеттиң дузилисине байланыслы раўажланып келген. Сонлықтан архитектуралық көринис ҳәм көркемлик ҳәр бир дәўирдиң тарийхына байланыслы болған. Дуньяның жети ҳәзийнесинен болған Египет пирамидасы, Уллы Қытай дийуалы ҳәм тағы басқада көплеген тарийхый архитектуралық естеликлер бугинги кунге шекем сақланып қалынған хәм адамзатты тән қалдырып келмекте. Тарийхқа нәзер салсақ Орта Азияда да архитектура жедел раўажланған.

Бул муқаддес топырақта эрамызға шекемги болған даўирде хәм оннан кейин қурылған қурамалы суу иншаатлары бугинге шекем өзиниң көркемлигин сақлап, әзелден улкемизде дийханшылық хәм өнерментшилик мәденияты, архитектура хәм қала қурылысы жоқары дәрежеде раўажланғанлығынан дерек береди.

Уллы бабамыз Амир Темурдың «Қудретимизге гуманыңыз болса, биз қурдырған имаратларды көр» деп айткан сөзлериниң өзи буған айқын мысал бола алады. Мәмлекетимиз аймағындағы төрт мыңнан аслам материаллық-мәнеўият естеликлер улыўма жәҳан мийрасының табылмас улгиси сыпатында ЮНЕСКО дизимине киритилгенлигин Президентимиз И.Каримов «Жоқары мәнеўият жеңилмес куш» шығармасында келтирип өтеди.

Ата-бабаларымыздың тарийхый бай мийраслары болған Самарқанд, Бухара, Хийуа қалаларының жаңадан реконструкцияланыўы, архитектуралық тарийхый естеликлерди реставрация қылыныўы нәтийжесинде қурылыс естеликлери әўладтан – әўладка қастерленип келинбекте.

Мәмлекетимизде қурылыс индустриясын раўажландырмастан халық хожалығында тийисли нәтийжелерге ерисип болмайды. Өзбекстан Республикасы ғәрезсизликке ерискеннен соң қурылыс индустриясы жедел пәт пенен раўажлана баслады. Қурылыс материаллары сапасы жақсыланды, олардын турлери көбейди. Жаңа технологиялық усыллар ислеп шығылды. Сондай-ақ толық механизацияластырылған ҳәм автоматластырылған технологиялық тизимлер иске тусирилди.

Соңғы мәртебе бес жыл алдын Өзбекстанда болған киси егер бугин журтымызға келсе қала хәм ауылларымызды танымай қалады. Себеби республикамыздың барлық аймақларында қурылыс жумыслары жеделлик пенен әмелге асырылмақта, жаңа кәрханалар жаратылып, социаллық объектлер хәм турақ жайлар бой тиклемекте.

Мәмлекетимизде қайталанбас көрик бағышлап хәммени таң қалдырып атырған архитектуралық естеликлер ҳәм қурылыслар пайтахтымыз Ташкент қаласын бугинги кунде ҳакыйкый мегаполиске айландырмакта.

Мәмлекетимиздеги транспорт коммуникация жолларын бийкарға экономикамыз қан тамырына мегземейди. Себеби тизимде әмелге асырылып атырылған ҳәр бир жойбар халқымыз параўанлығын тәмийнлеўге хызмет етеди.

Журтымыз аймағынан өткең әйиемги Уллы Жипек жолы каруанлары орнын заманагөй транспорт коммуникация тизими автомобиль хәм темир жоллар ийеледи. Бул жолларды модернизациялаў ғәрезсизлик жылларында жәнеде жеделлестирилди.

Ғәрезсизлик дәўиринде бой тиклеп атырған заманагөй архитектуралық жойбарланған имарат хәм иншаатлар республикамыздың қала хәм районлары менен бирге ауылларды да шырайландырып көркине көрик коспакта.

Президентимиз тәрепинен 2013-жыл «Абат турмыс» жылы деп белгилениўи хәм мәмлекетлик бағдарлама ислеп шығылыўы, бул бағдарлама бойынша барлық дереклер есабынан 6 триллион 930 миллиард сум хәмде 471 миллион АКШ долларынан артық қарежет жумсалған болса, ал 2014-2016-жыллар Нөкис қаласы менен Беруний районында 1 триллион 300 миллиард сумға жақын қаржы есабынан реконструкция ҳәм абаданластырыў жумыслары жургизилмекте.

Журтбасшымыздың 2010-жыл 17-июндағы «Ауыллық орынларда улгили жойбарлар тийкарында жеке (меншик) турақ жай қурылысын кеңейттириуге тийисли қосымша шара-илажлар туўралы» қарарына муўапық «Кишлоққурилиш лойиҳа» институты қәнийгелери тәрепинен уш, төрт хәм бес ханалы, бир қабатлы турақ жайлардың жаңа жойбарлары ислеп шығылды.

Заманагөй турақ-жай қурылысы –ауыллық жерлерди комплекс раўажландырыў хәм келбетин өзгертиў хәмде халықтың турмысының сапасын жетилистириўши фактор болып табылады.

Бугинги кунде қурылыс жумысларының кең көлемде тез хәм сыпатлы раўажланыўында қурылысшыларға жаңа технологиялар, техникалык ускеңелер хәм қурылмалар, сондай-ақ заманагөй қурылыс материаллары қолай келмекте.

Журт басшымыз басламасы менен Азия куяш энергиясы форумының 6-мәжилиси мәмлекетимизде болып өтти. Онда Азия раўажланыу банки хәмде басқа абыройлы шөлкемлер басшылары Азия, Европа, Америка мәмлекетлериниң куяш энергиясы тарауы бойынша қәнийгелери хәм экспертлери, сондай-ақ илимий-излениу орайлары қатнасты.

Электроэнергетика кафедрасы доценти Б.Даулетмуратовтын «Қуяш хәм биогаз энергияларын қоллаў бойынша экспериментал хәмде пилот жойбарлар дизими»не грант проектине муўапық халықаралық финанс институтларының жеңиллетилген кредит қаржылары есабынан университетимиз фотоэлектр станциялары менен тамийнленетуғын болды.

Улыумаластырып айтқанда қолы гул қурылысшылар тәрепинен тан қаларлықдай имарат хәм иншаатлар қурылып, адамзаттың материаллық ҳәм социаллық мәпин қанаатландырып қоймастан қала ҳәм ауылларымызды гоззалыққа байытып бармақта.

**Бердақ атындағы Қаракалпақ мәмлекетлик университети Техника факультети Имаратлар ҳәм сооруженией ер кафедрасы ассистенти М.Ешмуратовтың «ЗАМАНАГӨЙ КАДРЛАР ТАЯРЛАЎ ЖОЛЫНДА» мақаласына**

**ПИКИР**

Мақала Президентимиздиң "Заманагөй кадрлар таярлаў – реформалар нәтийжесиниң тийкары" атамасындағы баянатында белгиленген ўазыйпалардың орынланыў нәтийжелерин сәўлелендириўге бағдарланған .

Мақалада Қарақалпақ Мәмлекетлик университети Техника факультети тәрепинен архитектура-курылыс тараўы бойынша заманагөй кадрлар таярлаў барысы,

факультетте «Кадрлар таярлаўдың миллий бағдарламасы»ның талапларына сәйкес алдыңғы педагогикалық технологияларды енгизиў, илим-изертлеў, тәлим-тәрбия жумысларын жолға қойыў, студентлердиң Миллий ғәрезсизлик идеясы тийкарында тәрбиялаў бағдарында алып барылып атырылған жумыслар туўралы сөз етиледи.

Сондай-ақ, мәмлекетимиз аймағындағы материаллық-мәнеўият естеликлери, Ғәрезсизлик дәўиринде қурылыс индустриясы, транспорт коммуникация тармақларының раўажланыўы, заманагөй турақ-жай қурылысы –ауыллық жерлерди комплекс раўажландырыў ҳәм келбетин өзгертиў ҳәмде халықтың турмысынының сапасын жетилистириўши фактор екенлиги атап өтилген.

Мақала тийкарынан миллий ғәрезсизлик идеясы тийкарында заманагөй кадрлар таярлаў нәтийжелери ҳәм елимизде ғәрезсизликке ерискеннен соң қурылыс индустриясы жедел пәт пенен раўажланып атырылғанлығы сәўлеленген.

**ҚМУ «Имаратлар ҳәм иншаатлар қурылысы» кафедрасы доценти:** **т.и.к Сапарниязов.Н**